

## DIREKTIV POU ENSPEKSYON SÀNITÈ

## Defisyan Kritik

## Defisyan Jenneral

1. Manje a te Soti nan Sous ki Pa Otorize
  - A. \*Yo sèvi avèk lèt / pwodui ki pa pasterize
  - B. \*Dlo oswa glas la pa dlo potab
  - C. Manje oswa engredyan yo soti nan sous ki pa otorize
  - D. Vyann, oswa poul, oswa pwodui pou jwe yo pa soti nan izin ki enspekte ofisyèlman
  - E. \*Kristase a soti nan sous ki pa otorize
  - F. Ze likid, oswa ze konjle yo, oswa lèt anpoud la pa soti nan izin U.S.D.A. enspekte
2. Manje oswa Engredyan yo Gate oubyen yo Pa Adapte
  - A. Rat ak sourit sal manje oswa engredyan yo
  - B. Ensèk anvayi manje oswa engredyan yo
  - C. Pwodui alimantè yo genyen ladan yo ajan silfit oswa lòt eleman aditif ki pa otorize
  - D. \*Lòt kalite manje oswa engredyan ki gate oubyen ki pa adapte
3. Manje Travayè pa Pwoteje kont Kontaminasyon
  - A. \*Moun k ap travay avèk manje yo manyen yo, menm si yo gen yo maladi ki kapab transmèt nan manje
  - B. \*Moun k ap travay avèk manje yo gen kote sou men yo ki blese oubyen boule, avèk enfeksyon
  - C. \*Moun k ap travay avèk manje yo pa lave men yo byen apre yo kontamine men yo
  - D. Kote pou anplwaye lave men yo pa bon, pou yon etablisman ki genyen manje ki pa vlope oubyen kouvri
  - E. \*Anplwaye yo travay avèk manje ki pa vlope oubyen kouvri, epi ki tou pare pou moun manje yo, san yo baryè pwoteksyon ki akseptab
4. Manje Lòt Sous pa Pwoteje kont Kontaminasyon
  - A. \*Manje ki an kontak avèk ekipman, oswa zouti, oswa sifas transpò pou manje ki kapab gen danje; sifas kontak ki pa pwòp oswa ki pa byen dezenfekte, epi ki kapab lakòz kontaminasyon
  - B. \*Manje ki an kontak avèk ekipman, oswa zouti, oswa sifas transpò ki pa netwaye oswa dezenfekte apre yo sèvi pou espès diferan, oubyen ant manje ki pa kuit ou byen ki tou pare pou moun manje yo
  - C. \*Manje ki tou pare pou moun manje yo sibi kontaminasyon kwaze ki soti nan pwodui ki pa kuit, oubyen kontaminasyon kwaze ant espès yo fasil pou li rive
  - D. \*Gen pwodui chimik toksik ki pa gen etikèt kòrèk sou yo, oubyen ki mal estoke, oubyen ki sèvi yon jan pou kontaminasyon kapab rive fasil
  - E. Eta materyèl ki an kontak avèk manje yo, oubyen jan materyèl la fèt, oubyen kote yo mete li kapab lakòz kontaminasyon
  - F. Genyen aktivite ensèk, oswa rat ak sourit, oswa vèmin ki kapab lakòz kontaminasyon pwodui a
  - G. Gen siy ki montre tib pou vidanj yo koule oswa bouche
  - H. Kote yo netwaye oubyen dezenfekte ekipman yo pa bon pou etablisman ki travay avèk manje ki kapab gen danje
5. Paramèt Kritik pou Tretman oswa Prezèvasyon Manje yo pa Satisfè
  - A. \*Vyann kochon moun kapab manje san yo pa kuit pi lontan pa trete yon jan pou detwi trichin
  - B. \*(Gade nan Direktiv Enspeksyon Espesyalize yo)
6. Manje ki kapab gen Danje pa byen Kuit oswa Refrijere
  - A. \*Manje ki kapab gen danje yo pa refrijere dapre yon metòd ki otorize, kote tanperati pwodui a kapab redwi jiska 70°F oubyen mwens anvan 2 èdtan pase, epi jiska 41°F (45°F) oubyen mwens apre 4 èdtan pase ankò
  - B. \*Manje ki kapab gen danje yo pa estoke nan tanperati ki pwoteje yo
7. Manje ki kapab gen Danje pa Byen Kuit ni Byen Rechofe
  - A. \*Poul, oswa bouraj poul, oswa vyann boure, oswa bouraj ki gen vyann yo pa chofe jiska 165°F oubyen plis
  - B. \*Tout vyann kochon oswa manje ki gen vyann kochon yo pa chofe jiska 150°F oubyen plis
  - C. \*Gen lòt manje ki kapab gen danje, epi ki bezwen kuit, ki pa chofe ak / oubyen konsève nan tanperati kòrèk yo
  - D. \*Gen manje ki kapab gen danje yo te kuit ak refrijere ki pa rechofe rapidman jiska 165°F oubyen plis (wosbif antye mè rechofe pandan tan / jiska tanperati ki nesèsè a)
  - E. \*Ekipman ki sèvi pou chofe oswa rechofe manje ki kapab gen danje yo pa bon
8. Pwosedi pou Kenbe Manje Cho yo pa Kòrèk pou Manje ki Kapab Gen Danje
  - A. \*Gen manje ki kapab gen danje yo kite nan tanperati ki mwens pase 135°F pandan tan pou kenbe yo cho (yo mè sèvi wosbif ki pa kuit lontan nan tanperati ki nive 130°F oubyen plis)
  - B. \*Ekipman pou kenbe manje cho yo pa byen fèt, oswa pa byen konsève, oswa pa byen sèvi pou kenbe manje cho nan yon tanperati 135°F oubyen plis.
9. Lokal ak Kontwòl Sanitè ki pa Kòrèk oswa ki pa Bon
  - A. Kote pou moun lave men yo pa byen enstake, oswa yo pa kenbe yo pwòp
  - B. Pa genyen tanperati dlo kòrèk, ni presyon pou tretman manje, ekipman, zouti, oswa aparèy netwayaj pou batri kuizin, oswa fasiltè pou lave men nan yon lokal kote yo pa travay avèk manje ki pa vlope oswa kouvri
  - C. Lokal pou twalèt yo pa byen enstale, ni ekipe, ni netwaye
  - D. Plonbaj oswa kivèt yo pa gen dimasyon kòrèk, oubyen yo mal enstale, oubyen yo ka kenbe yo pwòp: ekipman yo oubyen atè a gen dlo ki rete ladan yo
  - E. Pa gen ase limyè ni ase vantilasyon
  - F. Pa genyen ekipman ni materyèl, ni pwodui pou netwayaj oubyen sanitasyon, oubyen yo pa kòrèk oswa yo pa byen estoke
  - G. Yo pa sèvi avèk aparèy pou fè tèl ki dwe fèt
  - H. Pa gen sètifikasyon pou dlo potab, ni dosye sou dezenfeksyon
10. Konsepsyon, Konstriksyon, ak Antreten Sànità ki pa Ase Bon
  - A. Eksteryè konstriksyon ki pa byen fèt oubyen ki bezwen reparasyon
  - B. Lokal la pa gen ase plas pou pèmèt fè aktivite yo
  - C. Planche enteryè, miray, plafon, oswa aparèy yo pa byen fèt, oubyen yo pa pwòp, oswa yo pa byen okipe
  - D. Resipyan pou mete fatra yo pa pwòp, pa kouvri, pa an bon eta, oswa yo pa jete sa ki ladan yo ase souvan
11. Aktivite pou Pwòpte ak Travay Moun k ap Okipe Manje yo pa nan yon Nivo Akseptab
  - A. Yo pa kenbe yon bon nivo pwòpte oswa yo pa pran prekosyon pou anpeche moun k ap swe, oswa kosmetik, oswa pwodui chimik, oswa medikaman kontamine manje yo, elatriye
  - B. Travayè yo pa mete rad pwòp, oswa filè ki kenbe cheve yo byen, oswa ranje bijou pou anpeche yo pandye
  - C. Manje, bwè, oswa fimèn nan kote ki gen manje ki pa kouvri oubyen vlope
  - D. Vestiyè oswa kote moun abiye yo pa separe avèk kote manje yo ye, ni yo pa pwòp, ni yo pa byen ranje
12. Manje yo mal Estoke, ak mal Pwoteje
  - A. Manje a pa konsève, transpòte, oswa montre nan yon jan ki anpeche kontaminasyon, tankou defisyan tanperati ki pa gwo
  - B. Resipyan ki genyen manje oswa engredyan yo pa pwòp, yo pa kouvri, oswa yo pa idantifye aklè
  - C. Etalaj pou manje angwo yo pa byen bati, oswa byen monte, ni yo pa sèvi avèk yo byen
  - D. Gen rad òdinè oswa rad sal ki an kontak avèk manje ki pa vlope ni kouvri, oubyen avèk sifas ki kontre avèk manje
  - E. Etalaj pou manje yo pa byen bati, oswa konsève, oswa sipèvize
  - F. Yo sèvi avèk metòd ki pa kòrèk pou deglase manje
13. Pwosedi pou Tretman yo / Egzijans Edikasyonèl yo pa Satisfè
  - A. (Gade nan Direktiv Enspeksyon Espesyalize yo)
  - B. Gen lòt egzijans pou kenbe dosye / pou sètifikasyon ki pa satisfè
  - C. Gen lòt egzijans pou kodaj ki manke oswa ki pa kòrèk
  - D. Egzijans afichaj nan Atik 28 yo pa satisfè
  - E. Egzijans pou enfòmasyon kliyan yo pa satisfè
14. Aktivite Ensèk, Rat ak Sourit, oswa Vèmin
  - A. Gen tras ki montre rat oswa sourit pase nan kote a (sa ki pa ta dwe lakòz kontaminasyon pwodui yo)
  - B. Yo wè ensèk, zwazo, oswa lòt kalite vèmin nan lokal la (sa ki pa ta dwe lakòz kontaminasyon pwodui yo)
  - C. Gen tras ki montre gen chen, chat, oswa lòt bèt domestik ki vini nan kote a
15. Ekipman, Zouti, ak Materyèl yo byen Konsève epi yo Sèvi avèk yo byen
  - A. Manje yo pran kontak avèk ekipman, oswa zouti, oswa sifas transpò: sifas kontak yo pa pwòp oswa yo pa byen dezenfekte
  - B. Ekipman pou manje, oswa zouti, oswa sifas transpò yo pa pwòp, epi yo bezwen reparasyon
  - C. Ekipman pou manje yo pa byen konsevwa, oswa pa byen fèt, oswa pa byen konsève
  - D. Yo pa mete tèmomèt kote ki dwe genyen
  - E. Ekipman oswa materyèl ki pa an sèvis yo pa byen estoke, oswa yo pa pwòp
  - F. Lamwa estokaj oswa etajè yo pa pwòp oswa yo bezwen reparasyon
  - G. Materyèl anbalaj yo pa pwòp, yo pa byen estoke, oswa yo sèvi avèk yo yon jan ki manke ijyèn
  - H. Sistèm vantilasyon oswa tib pou transfè yo pa pwòp, yo pa byen fèt, oswa yo bezwen reparasyon
16. Lòt Kesyon Sànitàsyon
  - A. Pwodui chimik oswa pestisid yo pa gen bon etikèt, oswa yo pa byen estoke, oswa yo pa sèvi avèk yo byen
  - B. Deyò lokal yo, oswa zòn chajman yo pa byen okipe
  - C. Veyikil yo pa pwòp oswa yo bezwen reparasyon
  - D. Zòn pou mòg oswa pou retounen boutèy yo pa byen okipe
  - E. Etikèt kristase yo ak dosye yo pa byen kenbe

**DEFISYAN KRITIK KI GEN YON ASTERIS DEVAN YO (\*) SE FAKTÈ KI KAPAB LAKÒZ TRANSMISYON MALADI NAN MANJE.**